



Lekòl Piblik Boston

**Rekòmandasyon pou
Regleman konsènan
Admisyon nan Lekòl
Konkou Antre yo**

Desanm 2024



Regleman sou Admisyon nan Lekòl Konkou

Antre yo

Ane admisyon	Regleman
Ane skolè 2020-2021*	Klasman nan tout vil la (Egzamen ISEE a ak nòt elèv yo)
Ane skolè 2021-2022**	20% nan tout vil la + 80% Kòd postal (nòt sèlman)
Ane Skolè 2022-2023	Nivo + Lòt pwen (10/15) anplis (nòt sèlman)
Ane Skolè 2023-2024	Nivo + Lòt pwen (10/15) anplis (nòt ak evalyasyon MAP la)
Ane skolè 2024-2025	Nivo + Lòt pwen (detèmine selon klasman/15) anplis (Nòt ak evalyasyon MAP)


*Apati peryòd admisyon ane skolè 2020-2021 an, nou te ofri egzamen admisyon an bay elèv BPS yo pandan jounen skolè a. Anvan sa, egzamen an te ofri sèlman lè samdi.

**Apati peryòd admisyon ane skolè 2021-2022, elèv yo te oblige gen yon minimòm GPA (mwayèn jeneral nòt) de « B » epi klase omwen yon lekòl egzamen pou yo kapab jwenn konsiderasyon pou admisyon.

Tandans parapò a kandida yo

- Depi lè kritè elijiblite yo te enplemante, kantite moun ki fè demann pou klas 7yèm ane a arive varye ant 1.230 e 1.666 elèv.
- Pwopòsyon kandida nan lekòl BPS arive rete fiks (77-78%).
- Kantite kandida nan Klasman 1 arive rete relativman fiks, kantite kandida nan Klasman 2-6 arive montre yon kwasans modès, e kantite kandida nan Klasman 7 ak 8 te bese apeprè 15-16%.

Kandida klas 7yèm ane yo selon chak klasman






Tandans envitasyon selon gwoup elèv

- Pandan 4 ane ki sot pase yo, nou te wè yon ogmantasyon nan pouvantaj elèv ki defavorize ekonomikman k ap resevwa yon envitasyon.
- Nou te wè tou yon pi piti ogmantasyon nan kantite elèv ki pale divès lang ak elèv ki gen andikap k ap resevwa yon envitasyon.
- Pouvantaj elèv k ap resevwa yon envitasyon nan chak gwoup sa yo rete pi ba pase mwayèn distri a.

Envitasyon pou klas 7yèm ane selon gwoup elèv avèk letan




Tandans envitasyon selon jeyografi

Chanjman regleman an te lakòz yon chanjman nan distribisyon jeyografik envitasyon yo pou klas 7yèm ane. Distribisyon envitasyon yo nan ane skolè 2024-2025 lan pi byen aliye avèk distribisyon timoun laj lekòl nan Boston.

SY20-21 7th Grade Exam School Invitations



SY24-25 7th Grade Exam School Invitations



Koulè pi fonse yo reprezante yon pi gwo pousantaj envitasyon. Kolorasyon yo fèt selon kòd postal.



Pousantaj Envitasyon selon klasman

Pousantaj kandida pou klas 7yèm ane envite selon klasman

Klasman an	Ane Skolè 2023–2024			Ane skolè 2024–2025		
	Kandida yo	Envitasyon yo	Pousantaj ki envite	Kandida yo	Envitasyon yo	Pousantaj ki envite
1	125	124	99%	115	115	100%
2	131	128	98%	141	124	88%
3	111	111	100%	123	121	98%
4	141	128	91%	144	124	86%
5	131	128	98%	159	123	77%
6	182	127	70%	197	123	62%
7	262	127	48%	199	123	62%
8	272	127	47%	270	123	46%
Tout	1355	1000	74%	1348	976	72%



Chanjman regleman ane pase a

Chanjman regleman ane pase a : Chanje kantite pwen elèv yo resevwa selon lekòl yo te ale ladan I lan ane anvan an, selon klasman y ap viv ladan lan

- Chanjman ane pase a te gen entansyon asire ke elèv ki gen nòt konbine de 100 anvan adisyon pwen anplis yo te toujou kapab jwenn yon envitasyon, menm si yo te resevwa pwen anplis nan demann yo.
- Pandan peryòd demann ane skolè 2024-2025 lan, 11 kandida klas 7yèm ane te fè yon nòt pafè epi tout elèv yo te resevwa yon envitasyon nan lekòl premye chwa yo.



Rekòmandasyon pou reglement

Konsolide (inifye) kantite klasman yo, sot nan 8 pou rive jiska 4.

- Aktyèlman, chak klasman resevwa yon alokasyon (yon distribisyon) egal nan envitasyon yo (12,5%).
- Nan konsolide kantite klasman yo sot nan 8 jiska 4, nou pral konsidere elèv yo pou 25% nan envitasyon yo, olye de 12,5%.
- Chanjman sa a senplifye règleman an, redui divès chanjman akòz ti varyab nan done ACS yo, epi l diminye diferans ki genyen nan aksè pamí elèv ki nan zòn jeyografik ki sanble.

Konsènan klasman yo : Klasman sosyoekonomik yo fèt pou yo menm gwosè selon kantite timoun klas 5yèm-8yèm ane kap viv nan vil Boston, dapre Sondaj Kominote Ameriken an « American Community Survey » (ACS). Klasman sosyoekonomik yo kalkile avèk èd senk varyab diferan ki soti nan ACS (Kay kote angle limite ; Kay ki gen yon sèl paran ; Kay kote ke moun ki abite ladan l lan se pwopriyetè ; Akonplisman Edikasyonèl ; ak Povrete).




Similasyon rekòmandasyon pou regleman

- Similasyon an itilize gwoup kandida klas 7yèm ane ane skolè 2023-2024 ak ane skolè 2024-2025.
- Similasyon te re-kode elèv klasman 1 ak 2 yo nan klasman 1 ; elèv ki nan klasman 3 ak 4 nan klasman 2 ; elèv ki nan klasman 5 ak 6 nan klasman 3 ; ak elèv ki nan klasman 7 ak 8 jiska klasman 4.
- Similasyon an te asime ke kantite pwen elèv yo te resevwa konsistan.


Klasman	Kandida klas 7yèm ane, ane skolè 2023-2024	Kandida klas 7yèm ane, ane skolè 2024-2025	Klasman	Similasyon 1 (ane skolè 2023-2024) Kandida klas 7yèm ane	Similasyon 2 (ane skolè 2024-2025) Kandida klas 7yèm ane
1	125	115	1	256	256
2	131	141			
3	111	123	2	252	267
4	141	144			
5	131	159	3	313	356
6	182	197			
7	262	199	4	534	469
8	272	270			

Enpak simele de rekòmandasyon regleman an

Yon chema/map ki itilize 8 klasman



Yon chema map ki Itilize 4 klasman





Pwochèn Etap Yo

- Konsidere chanjman regleman pwopoze a pou konsolide de 8 a 4 klasman pou vòt nan reyinyon Komite Skolè a an Janvye
- Antreprann analiz adisyonèl e pi pwofon pandan prentan sa a pou pi byen konprann enpak regleman 2021 an epi konsidere divès fiti chanjman potansyèl.
 - Peryòd demann aktyèl sa a se 4yèm peryòd demann anba regleman 2021 an - regleman an mande pou yon evalyasyon fèt chak senk an.



Zòn potansyèl pou analiz adisyonèl

- **Kalkile e mezire klasman syoekonomik yo :** Ki enpak mezire klasman yo selon kantite kandida yo olye de kantite timoun klas 5yèm-8yèm ane ? Èske règleman an kapab konsidere stati sosyoekonomik chak moun an patikilye ?
- **Elèv ki bay pi bon rannman :** Èske règleman an ka asire ke elèv ki bay pi bon rannman nan vil la resevwa yon envitasyon nan lekòl yo chwazi a ?
- **Aksè pou elèv ki gen andikap ak elèv ki pale divès lang :** Èske règleman an ka ogmante aksè pou elèv ki gen andikap ak elèv ki pale divès lang ?
- **Eksperyans elèv :** Ki jan eksperyans elèv la ye yonfwa ke li enskri nan lekòl konkou antre yo ?

Apandis/Anèks





Tandans envitasyon selon nòt konbine

Nòt Konbine minimòm selon Klasman

Klasman an	Klas 7yèm ane					
	Ane Skolè 2023-2024			Ane skolè 2024-2025		
	Lekòl Boston Latin School	Lekòl Boston Latin Academy	Lekòl O'Bryant	Lekòl Boston Latin School	Lekòl Boston Latin Academy	Lekòl O'Bryant
1	83,7	68,7	67,8	80,5	65,6	64,6
2	86,1	71,8	64,8	86,6	77,6	76,2
3	73,5	69,1	68	82,3	67,5	63,7
4	83,8	75,7	71,3	86,9	75,9	74,4
5	86	74,2	71,1	89,2	76,1	76
6	94,4	87,8	86,7	97,9	88,9	88,8
7	100,2	97,5	97,2	97,3	91,1	90,6
8	99,1	97,4	97,1	98,8	97,1	96,5

- Nan klas 7yèm ane, elèv ki nan klasman ki pi wo yo te oblige gen pi gwo nòt konbine pase elèv ki nan klasman ki pi ba yo.
- Depi chanjman regleman yo te apwouye anvan peryòd admisyon 2024-2025 lan, pa t gen okenn klasman/pa t gen okenn elèv ki te oblige gen yon nòt minimòm ki pi wo pase 100 pou resevwa yon envitasyon nan yon lekòl konkou antre



Chanjman simile nan envitasyon yo

Similasyon rekòmandasyon pou regleman an pa t chanje 84 - 88% nan envitasyon yo te voye yo. Pou rès envitasyon yo, 4-7% nan kandida yo te resevwa yon envitasyon nan yon lòt lekòl, e 4-5% nan kandida yo te swa fèk resevwa yon envitasyon oswa pa t resevwa yon envitasyon ankò.

	Envite - Pa gen chanjman	Pa Envite - Pa gen chanjman	Envite nan lekòl diferan		Envite pou abouti nan pa Envite		Pa Envite pou abouti nan Envite	
Sim 1 (Gwooup kandida ane skolè 2023- 2024)	895	66%	304	22%	54	4%	51	4%
Sim 2 (Gwooup kandida ane skolè 2024- 2025)	819	61%	304	23%	89	7%	68	5%